



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI REPRESYON KONT MOUN K AP KONDUI AVÈK KAPASITE KI AFEBLI PANDAN WIKENN SUPER BOWL LA

*Kanpay aplikasyon an pral reyalize soti [5 fevriye rive 8 fevriye](#)*

*Yo te bay plis pase 26,000 kontravansyon pou vyolasyon veyikil ak lwa sikilasyon pandan kanpay aplikasyon Super Bowl ane pase a ki enkli 850 arestasyon pou Moun k ap Kondui pandan yo Sou*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke ajans aplikasyon lalwa Eta a ak ajans lokal yo atravè New York pral mete patwouy pou reprime moun ki ap kondui avèk kapasite afebli pandan wikenn Super Bowl la. Kanpay aplikasyon an pral reyalize [soti vandredi 5 fevriye](#), [pou rive lendi 8 fevriye](#). Inisyativ sekirite sa fèt pou diminye aksidan sikilasyon ki lye ak alkòl ak dwòg. Se STOP-DWI ki esponsnize li avèk finansman Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a.

"Wikenn Super Bowl la se yon moman kè kontan nan ane a, e mwen ankouraje tout Nouyòkè pou selebre nan fason ki responsab," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York gen zewo tolerans pou moun ki ap kondui ak kapasite ki afebli, epi fòs lòd yo ap sou wout la tout wikenn nan pou ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Si ou bwè epi w ap kondui, y ap kenbe ou, alò evite konsekans ki koute chè epi ki pwobab pou yo mòtel lè ou planifye pou kondui nan tout sekirite pou ale lakay."

Pandan kanpay Super Bowl 2020 an, fòs lòd nan tout eta a te bay 26,375 kontravansyon pou vyolasyon veyikil ak lwa sikilasyon, ki enkli 850 arestasyon pou DWI. Repatisyon konplè a isit la:

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Kondui avèk Kapasite Afebli	850
Kondui Distrè	811
Lwa Mete w Akote a	157

Lòt vyolasyon	18,661
Senti sekirite	569
Eksè Vitès	5,327
Montan Total	26,375

Kanpay Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Moun ki ap Kondui Pandan yo Sou (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI) sa yo fèt pandan tout ane a. Pandan kanpay kanpay "Kondui San ou pa Sou oswa yo ap Arete ou la (Drive Sober or Get Pulled Over, GTSC)", pandan sezon fèt soti 16 desanm rive 1ye janvyè a, ajans aplikasyon lalwa nan tout eta a te bay plis pase 70,000 kontravansyon pou vyolasyon veyikil ak lwa sikilasyon yo epi fè 2,067 arestasyon pou DWI.

**Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Lè w ap kondui ak kapasite ki afebli, sa ka abouti sou konsekans ki trajik pou ou, pou pasaje ou yo ak lòt moun sou wout la. Jandam yo ap nan patwouy wikenn sa ap chèche moun k ap kondui ak kapasite ki afebli posib. Si ou prevwa selebre gwo match la wikenn sa, tanpri fè sa nan tout sekirite, epi planifye davans oswa kondui san bwè alkòl".

**Komisè DMV New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder te deklare,** "Amize nan wikenn Super Bowl la nan fason ki responsab lè ou fè chwa ki entelijan pou pa kondui ak kapasite ki afebli. Nou vle pou chak moun ki sou wout la an sekirite epi pa fini nan lopital kote pwofesyonèl sante kouraje nou yo okipe ap konbat COVID-19. Pandan w ap fè plan pou amize nan match la, fè yon plan pou retounen lakay nan tout sekirite".

**Prezidan Asosyasyon STOP-DWI ak Biwo Cherif Konte Niagara a, Kapitèn Robert Richards te deklare,** "Selebre Super Bowl dimanch lè ou Gen yon Plan. Telechaje aplikasyon mobil "Have a Plan (Gen yon Plan)" STOP-DWI New York la. Aplikasyon sa pèmèt itilizatè yo lokalize epi rele yon sèvis machin pou yon woulib pou ale lakay, pwograme yon lis chofè ki deziyen, bay enfòmasyon sou lwa ak penalite DWI yo epi menm repòte yon moun k ap kondui ak kapasite ki afebli. Misyon STOP-DWI New York la se pou diminye kantite moun ki mouri oswa blese nan aksidan sikilasyon ki lye ak alkòl oswa lòt dwòg. Fè pati pa w la epi selebre nan fason ki responsab"!

**Chèf Depatman Polis Ilion, ak Prezidan Asosyasyon Chèf Polis Eta New York la, Timothy Parisi, te deklare,** "Ajans manm nou yo sipòte, epi y ap patisipe aktivman nan efò sa nan tout eta a. Ofisye yo ap vijilan pandan tout inisyativ aplikasyon sa ak apre pou moun k ap kondui ak kapasite ki afebli sou wout nou yo. Nou ankouraje ou pou ou responsab, pa mete tèt ou ak lòt moun nan risk".

**Cherif Konte Washington ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta NY la, Jeffrey Murphy te deklare,** "Yon ekip ap genyen Super Bowl la lè l jwe nan fason entelijan. Ou dwe fè yon sèl jwèt entelijan, pa kondui ak kapasite ki afebli. Cherif Eta New York la vle ou pran plezi nan wikenn Super Bowl la epi fè sa nan tout sekirite lè ou genyen yon plan pou pa kondui pandan kapasite ou afebli".

Anplis de kanpay aplikasyon yo, GTSC a kowòdone plizyè aktivite sekirite sikilasyon pandan ane a, epi sipòte inisyativ kontini pou amelyore sekirite pyeton, ak moun ki sou moto ak bisiklèt yo. GTSC te patwone tou fòmasyon esansyèl pou fè aplike lalwa, bay resous pou chofè adolesan yo ak paran yo, epi ankouraje itilize senti sekirite nan tout eta a.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY ([1-877-846-7369](tel:1-877-846-7369)) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen entèn, rezidans kominotè, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](https://www.nys.oasas.gov).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)